<p>nyalin wacana beraksara Jawa ke dalam huruf latin,</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Setelah selesai guru bersama dengan siswa membahas secara bersama-sama.</li> <li>- Siswa mengungkapkan isi bacaan dan budi pekerti yang terdapat dalam wacana prosa beraksara Jawa tersebut.</li> </ul> <p><b>Elaborasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa mendengarkan penjelasan guru tentang materi pelajaran yang disampaikan.</li> <li>- Rasa ingin tahu: siswa yang belum mengerti arti kata-kata sulit langsung bertanya kepada guru.</li> </ul> <p><b>Konfirmasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa maos wacana aksara Jawa.</li> <li>- Guru bersama dengan siswa membahas arti kata-kata dan <i>aksara Jawa</i> yang sukar.</li> </ul>	55 menit
<p><b>2. Kegiatan Penutup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru bersama dengan siswa menyampaikan kesimpulan pembelajaran.</li> <li>- Refleksi: Siswa mengambil makna dari pembelajaran yang berlangsung.</li> <li>- Guru memberikan informasi materi yang akan datang.</li> </ul>	10 menit

## E. Media, Alat, dan Sumber Belajar

### 1. Media

- *Prezi*

### 2. Alat

- *Laptop*
- *LCD proyektor*

### 3. Sumber belajar

- Poerwadarminta. W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Suparyadi dkk. 2015. *Sembada (pendamping materi)*.Klaten. Kurniawan Jaya Mandiri.
- Jatirahayu, Warih dan Suwarna. 2012. *Wasitatama 2 Wasis Basa lan Tata Krama Kelas VIII SMP/MTs*. Yogyakarta: Yudhistira.

## F. Penilaian

1. Teknik penilaian  
Pengamatan dan tertulis
2. Bentuk *instrument*  
Penilaian tertulis
3. *Instrumen*

No.	Soal	<i>Instrumen</i>	<i>Skor</i>
1.	<i>Tulisen intisarine wacan!</i>	<i>Ngandharaken kanthi leres.</i>	50
		<i>Ngendharaken ananging kirang jumbuh.</i>	30
2.	<i>Piwulang luhur apa kang ana ing wacan mau?</i>	<i>Ngandharaken kanthi leres.</i>	50
		<i>Ngandharaken ananging kirang jangkep.</i>	30

## G. Soal

1. *Tulisen intisarine wacan!*
2. *Piwulang luhur apa kang ana ing wacan mau?*

## H. Kunci Jawaban

1. Wacan ing nginggil nyariosaken wonten satunggaling tiyang estri ingkang nguda rasa bab srengenge ingkang pangajengipun saged salin dados jawah, Ananging ingkang nama jawah saha srengenge menika sampun wonten ingkang ngatur,kados pundi samangke menika sampun wonten Gusti ingkang akarya jagad ingkang ngatur sedayanipun.
2. Budi pekerti luhur ingkang kaandhut wonten ing wacan menika, inggih menika:
  - Boten pareng kathah sambat.
  - Sedaya ingkang wonten ing donya menika sampun wonten ingkang ngatur.
  - Pasrah marang Gusti bab menapa ingkang bakal kedadean wonten ing donya.
  - Sedaya sae menapa awon menika wonten gunanipun tumrap manungsa.

## I. Pedoman Penilaian

Nilai = jumlah skor yang diperoleh

Mengetahui,  
Guru pamong

Mahasiswa

Herlinda Pranandari, S. Pd.  
NIP 19821218 201001 2 011

Dinar Listina Rahmawati  
NIM 12205244020

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

- Nama Sekolah : SMP Negeri 2 Mlati  
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas/Semester : VIII/1  
Alokasi Waktu : 80 menit  
Standar Kompetensi : Mengungkapkan gagasan wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa.  
Kompetensi Dasar : Menulis karya sastra prosa  
Indikator :
1. Siswa dapat mencari *seselan* dan artinya dalam karangan.
  2. Siswa dapat menyebutkan homonim dan sinomin (*dasanama*) dalam karangan.

### A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran ini, diharapkan siswa dapat:

1. mencari *seselan* dan artinya dalam karangan
2. menyebutkan homonim dan sinomin (*dasanama*) dalam karangan
3. membuat karangan berbahasa Jawa.

### B. Materi Pembelajaran

#### Ngarang

*Ngarang inggih menika kegiatan nyusun tembung, ukara, lan alenia kangge jabaraken topik lan tema tartemtu kangge ngasilaken karya arupi karangan. Ngarang menika boten uwal saking paramasastra lan kawruh basa. Paramasastra inggih menika ngelmu ingkang nyinau bab aksara, wanda, tembung, lan ukara. Wonten ing salebeting paramasastra menika wonten 3, wantawisipun:*

#### 1. *pamilihing tembung*

*Pamilihing tembung piyambak wonten tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, tembung tanduk, tembung tanggap, lan ayahanipun tembung.*

2. *silah-silahing tembung*
3. *silah-silahing ukara*

*Tembung andhahan menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung dhasaripun amargi sampun kawuwuhi imbuhun. Pangrimbage tembung lingga utawi dhasaring tembung dados tembung andhahan menika kanthi nuwuhaken:*

1. *Ater-ater: ater-ater hanuswara, ater-ater tripurasa.*
2. *Seselan*

*Seselan menika wonten ing tengah dhasaring tembung. Wujud seselan wonten ing salebeting basa Jawi wonten 4, menika er, el, um, lan in.*

*Tuladhanipun:*

<i>gandhul + -er-</i>	<i>= gerandhul</i>
<i>klip + -er-</i>	<i>= kerelip</i>
<i>sliri + -el-</i>	<i>= seliri</i>
<i>siwer + -el-</i>	<i>= seliwer</i>
<i>tandang + -um-</i>	<i>= tumandang</i>
<i>tindak + -um-</i>	<i>= tumindak</i>
<i>tulis + -in-</i>	<i>= tinulis</i>
<i>junjung + -in-</i>	<i>= jinunjung</i>

### 3. Panambang

*Kawruh basa wonten ing salebeting ngarang ugi perlu, kadosta:*

- 1) *pamilihing basa miturut unggah-ungguhipun*
- 2) *tembung ngoko, krama madya, krama inggil*
- 3) *tembung homonim*
- 4) *tembung dasanama (sinonim)*
- 5) *tembung kosok balen (antonim)*
- 6) *tembung ekanama (homograf)*
- 7) *tembung saroja*
- 8) *tembung garba*
- 9) *tembung entar*
- 10) *kereta basa*
- 11) *rurabasa*

*Tembung homonim inggih menika tembung ingkang sami pocapanipun, sami tulisanipun, nanging beda teges, amargi asaling tembung ingkang beda.*

*Tuladhanipun:*

#### 1) *Asma*

*Tegesipun saged jeneng, nama ugi saged jinishing penyakit napas/mengi.*

#### 2) *Beton*

*Tegesipun saged isi angka ugi saged cor-coran semen, watu, krikil, lan gesik.*

#### 3) *Sepet*

*Tegesipun saged aran raos ugi saged kulit klapa.*

*Tembung dasanama utawi sinonim inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang wujud lan tulisanipun beda, pocapanipun beda ananging gadhah teges ingkang sami.*

*Tuladhanipun:*

1) *Lara*

*Dasanamanipun gerah, gering, roga, sakit*

2) *Omah*

*Dasanamanipun graha, panti, wisma, yasa*

3) *Slamet*

*Dasanamanipun basuki, raharja, rahayu, swasta, yuwana, widada.*

*Miturut cara penyajian lan tujuan anggenipun ngandharaken, karangan saged dipunperang dados 5 golongan, inggih menika:*

### **1. Narasi (Nyeritakake)**

*Wacan naratif yaiku wacan kang mbudidaya nyitakake kedadayan kaya-kaya wong kang maca nyekseni dhewe utawa ngalami dhewe kedadayan mau. Naratif uga diarani wacan kang nyritakake kanthi cetha rerangkening tumindak ing sajroning kedadayan, kang winates ing sajroning wektu, wacan narasi iku adate mentingake urutan lan biyasane ana tokoh ing sajroning crita.*

*Wacana narasi ana 2, yaiku:*

#### **1. Narasi ekspositoris**

*Narasi ekspositoris yaiku wacana kang menehi katrangan lugu/ apa anane. Umpamane siswa nyeritakake kedadayan ana ing jero kelas nalika piwulangan Basa Jawa.*

#### **2. Narasi sugestif**

*Narasi sugestif yaiku wacana kang ngracik kanthi runtut nganti bisa nggugah pangangen-angene wong kang maca, upamane dongeng, cerkak, novel, roman.*

*Bedane narasi ekspositoris lan narasi sugestif, yaiku:*

1. *Jembarake wawasan utawa pangerten*

2. *Beberake katrangan bab kedadayan*

3. *Adhedhasar nalar supaya padha sarujuk*

4. *Basa informatif, tembung denotatif (beberake makna kang sinandi)*

5. *Nguripake pangangen-angen (imajinasi)*

6. *Nalar mung kanggo nggayuh surasa (makna), yen perlu nalar dilirwakake*

7. *Basa figuratif, tembung konotatif.*

## 2. *Diskriptif (Nggambarake)*

*Wacan diskriptif yaiku wacan kang nggambarake kanthi cetha salah sawijining kahanan (objek). Objek mau kaya-kaya ana ngarepe wong kang maca.*

## 3. *Wacana Eksposisi (Nyeritakake proses)*

*Wacana eksposisi dibeberake anane analisa proses nganggo cara narasi. Narasi kang mengkono diarani narasi ekspositoris/ narasi teknis, awit ancas kang tinuju titise katrangan ngenani sawijining kadadayan kang dibeberake. Ancas wacana eksposisi yaiku maparake, njlentrehake, ngaturake informasi sawijing bab tanpa didhasari supaya pamaos bisa nampa utawa narima. Wacana eksposisi digunakake kanggo mbabarake pengetahuan/ ilmu, definisi, pengertian, langkah-langkah sawijining kagiyatan, metode, cara, lan proses dumadine sawijining kadadayan utawa bab. Tuladhane upamane cara gawe sabuk saka kulit.*

## 4. *Argumentasi (Panemu)*

*Wacana argumentasi yaiku wacana kang mbudidaya kanggo ngowahi panemune wong liya, supaya percaya lan wusanane tumindak jumbuh karo kang dikarepke penulis/ kang ngomong.*

## 5. *Persuasi (pangajak)*

*Paragraf persuasi yaiku kembangane saka paragraf argumentasi. Persuasi sepisanan ngandharake gagasan nganggo alesan, bukti utawa tuladha kanggo gawe yakin pamaos banjur dibarengi ajakan rayuan utawa saran supaya pamaos melu kekeparepane panulis.*

### **C. Metode Pembelajaran**

- Ceramah
- Tanya jawab
- Diskusi

### **D. Langkah-Langkah Pembelajaran**

<b>Kegiatan Pembelajaran</b>	<b>Alokasi Waktu</b>
<b>A. Kegiatan awal (pembukaan)</b> - Pembukaan: guru mengucapkan salam, memimpin berdoa dan melakukan presensi siswa. - Apersepsi: guru menanyakan kepada siswa tentang kegiatan mengarang.	15 menit

Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
<p>- Penyampaian tujuan pembelajaran.</p> <p>- Motivasi: guru memberi motivasi agar siswa nantinya gemar mengarang.</p> <p><b>B. Kegiatan Inti</b></p> <p><b>Eksplorasi</b></p> <p>- Guru menjelaskan terlebih dahulu tentang materi pelajaran yang akan disampaikan.</p> <p>- Belajar aktif: untuk meningkatkan keaktifan siswa, guru membagi siswa menjadi beberapa kelompok untuk mencari seselan dan artinya, serta menyebutkan homonim dan sinonim dalam karangan.</p> <p><b>Elaborasi</b></p> <p>Rasa ingin tahu: siswa yang belum mengerti tentang materi bisa untuk bertanya.</p> <p><b>Konfirmasi</b></p> <p>- Guru bersama dengan siswa membahas materi yang masih belum di mengerti siswa</p>	55 menit
<p><b>C. Kegiatan Penutup</b></p> <p>- Guru bersama dengan siswa menyampaikan kesimpulan pembelajaran.</p> <p>- Refleksi: Siswa mengambil makna dari pembelajaran yang berlangsung.</p> <p>- Guru memberikan informasi materi yang akan datang.</p>	10 menit

## E. Media, Alat, dan Sumber Belajar

### 1. Media

- *Powerpoint*

### 2. Alat

- Laptop
- LCD proyektor

### 3. Sumber belajar

- Poerwadarminta. W. J. S. 1939. *Baoesastra DJawa*. J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Mulyana. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Suparyadi dkk. 2015. *Sembada (pendamping materi)*. Klaten: Kurniawan Jaya mandiri

## F. Penilaian

1. Teknik penilaian  
Pengamatan dan tertulis
2. Bentuk *instrument*  
Penilaian tertulis
3. *Instrumen*

No.	Soal	<i>Instrument</i>	Skor
1.	<i>Cerkak “Sing Nandur Bakal Ngundhuh” kalebet karangan menapa?</i>	<i>Mangsuli kanthi leres</i>	10
2.	<i>Saking cerkak kasebut, cobu dipunpadosi seselan lan tegesipun!</i>	<i>Mangsuli kanthi leres lan jangkep</i> <i>Mangsuli kanthi leres ananging boten jangkep</i>	40 20
3.	<i>Cobu dipunpadosi homonim lan sinomin wonten salebeting cerkak!</i>	<i>Mangsuli kanthi leres lan jangkep</i> <i>Mangsuli kanthi leres ananging boten jangkep</i>	50 25

## G. Soal

### SING NANDUR BAKAL NGUNDHUH

Esuk iki langite katon isih peteng, pedhute kandel banget, lan hawane uga adhem banget. Nanging, kuwi kabeh ora nyuda kekarepane Bu Umi kanggo dodol pohong menyang pasar. Sanadyan gaweyan iku abot, nanging Bu Umi ora tau nggresula. Bu Umi saiki mung urip karo putrane sing isih kelas 7 SMP. Bu Umi ditinggal bojone wis pitung taun suwene, amarga bojone Bu Umi duwe bojo liya. Kuwi uga dadi pawadan Ilham, putrane Bu Umi, luwih milih urip melu ibune.

Bu Umi biyasane menyang pasar jam setengah lima esuk. Ilham saben dina ngrewangi ibune nggawa dagangan menyang pasar, amarga pohung sing digawa kira-kira setengah kwintal. Sawise ngeterake dagangan, Ilham bali menyang ngomah kanggo siyap-siyap mangkat sekolah. Ilham kalebu bocah sing pinter lan sregep, saengga Ilham bisa sekolah ning SMP sing mutune paling apik lan dadi sekolah unggulan ing kabupaten.

Dina iki dagangan Bu Umi lagi sepi, amarga lagi mangsa rendheng saengga akeh pohung sing kebanjiran lan dadi ora enak dipangan. Wektu iki Ilham lagi butuh bayaran kanggo buku lan seragam anyar. Bu Umi mung bisa sabar ngadhepi kuwi kabeh mau lan ngupayakake golek gaweyan liya sing bisa disambi dodol pohung. Bu Umi wis siyap-siyap ngukuti dagangane amarga wis jam sanga esuk.

Nanging, Bu Umi mandheg sedhela amarga ana bocah cilik sing nangis neng ngarepe. Bu Umi banjur nyedhaki bocah kuwi mau.

“Hlo, ngapa nangis, Ndhuk?” pitakone Bu Umi marang bocah kuwi.

“Aku nggoleki ibuku,” semature nganggo basa ngoko amarga durung ngerti basa krama.

“Hla Ibu sapa? Kepriye bisa pisah karo ibumu?” Bu Umi takon meneh marang bocah kuwi karo ngajak lungguh menyang lincak sing dinggo dodol Bu Umi.

“Aku pengin tumbas permen, aku nggoleki sing dodol permen.” semature bocah kuwi karo isih nangis.

“Hla wis sida tuku permen?” pitakone Bu Umi karo njupuk wedang kanggo bocah kuwi.

Bocah iku mung gedheg lan malah tambah banter nangise.

“Oo... ya wis kowe nunggu ning kene wae karo ngombe wedang iki dhisik, Ibu arep numbasake permen kanggo kowe lan nggoleki ibumu dhisik ya?” welinge Bu Umi menyang bocah kuwi.

Sawise bocah iku meneng nangise, Bu Umi banjur tuku permen. Sanadyan regane larang, Rp 5.000, nanging Bu Umi tetep numbasake permen kanggo bocah kasebut. Bu Umi ora tega karo bocah sing lagi nangis kuwi. Ing tengah pasar Bu Umi ngerti ibu-ibu sing katon bingung. Bu Umi marani ibu-ibu mau.

“Nyuwun sewu, menapa panjenengan nembe madosi putranipun?” pitakone Bu Umi marang ibu-ibu kuwi.

“Inggih leres, Bu. Menapa panjenengan mangertos anak kula?” ibu-ibu mau noleh menyang Bu Umi sing nakoni saka mburine.

“Menika wonten bocah putri ugi madosi ibunipun. Menapa leres putranipun panjenengan?” pitakone Bu Umi kanthi ngeterake menyang papan sing dinggo dodol Bu Umi.

“Ya ampun, Ndhuk. Kowe ning ngendi wae? Ibu sing nggoleki nganti bingung banget.” Bu Nurul, ngono asmane ibu-ibu kuwi, langsung nggendhong anake kuwi mau sing wis ora nangis.

Bu Umi njlentrehake kadadean mau marang Bu Nurul.

“Matur nuwun sanget nggih, Bu. Amargi sampun njagi anak kula,” Bu Nurul nyalami tangane Bu Umi kanthi mesem, bungah.

“Inggih Bu, sami-sami,” wangsulane Bu Umi kanthi menehake permen marang bocah kuwi mau.

Sawise Bu Nurul lan anake pamitan arep bali, Bu Umi nerusake nata dagangane sing arep digawa bali. Nalika tata-tata, Ilham nyusul menyang pasar amarga kepengin mbyantu ibune nggawa dagangan sing isih akeh. Dina iki lagi ana rapat kanggo guru ing sekolahe Ilham, saengga kabeh muride bali luwih cepet.

Saka njero mobil, Bu Nurul isih nggatekake Bu Umi karo Ilham sing lagi nglebokake pohung ning bagor. Ing batine, Bu Nurul gumun karo Bu Umi sing gelem tetulung marang wong sing durung tau ketemu.

Esuk-esuk Ilham arep mangkat sekolah, nanging atine tansah susah amarga durung bisa mbayar buku lan seragam. Bu Umi ngerti apa kang lagi dirasakake putrane.

“Le, Ibu ngerti kowe lagi susah amarga bayaranmu kuwi. Nanging, Ibu saiki durung duwe dhuwit sing ganep kanggo mbayar. Ibu rencanane mengko arep nyilih dhuwit menyang budhemu dhisik. Dadi yen dina iki Ibu entuk silihan dhuwit, sesuk kowe bisa mbayar buku lan seragam,” ngendikane Bu Umi marang Ilham.

“Inggih Bu, kula nyuwun ngapunten sampun ndadosak en Ibu susah.”

“Iki wis dadi tanggung jawabe Ibu. Dadi kowe ora usah njaluk ngapura,” Bu Umi nglipur putrane supaya ora sedhik maneh.

“Nggih Bu, kula badhe mangkat sekolah rumiyin,” Ilham pamitan lan salim marang ibune.

Nalika sayah ngaso, Ilham menyang perpustakaan ing sekolahe. Ing kono uga ana Bu Nurul. Bu Nurul ing sekolahe Ilham amarga Bu Nurul iku garwane kepala sekolah ing kono. Bu Nurul ngerti yen Ilham kuwi putrane Bu Umi amarga wis tau weruh nalika ning pasar.

Bu Nurul nyawang Ilham kayane lagi susah, banjur arep nyedhaki Ilham nanging bel tandha mlebu kelas wis muni. Bu Nurul ora sida nemoni Ilham. Bu Nurul wis bisa ngira-ira yen Ilham lagi mikirake bayaran amarga minggu iki telat-telate mbayar.

Bu Nurul banjur menyang kantor tata usaha (TU) lan nakokake bayaran sekolahe Ilham sing durung lunas. Bu Nurul kepengin mbiyantu mbayar buku lan seragame Ilham, nanging sadurunge kudu takon dhisik marang Ilham.

Nalika bali sekolah, Ilham dikon menyang kantor TU kanggo nemoni Bu Nurul. Amarga durung ngerti apa pawadane dheweke diceluk menyang TU, atine Ilham dadi dheg-dhegan. Banjur diterangake yen bayarane arep dilunasi Bu Nurul kanggo wujud matur nuwune marang ibune Ilham. Ilham seneng banget lan njaluk idin arep matur marang ibune dhisik.

Sawise Ilham matur marang ibune, Bu Umi kaget. Lan kanggo rasa ngormati, Bu Umi menyang sekolahe Ilham lan nakokake piweling Bu Nurul rikala wingi. Bu Nurul wektu iku uga ana ing sekolah.

“Bu Umi, kula badhe nyuwun pirsa menapa kula angsal mbiyantu panjenengan anggenipun mbayar buku lan seragamipun Ilham? Menika kangge wujud matur nuwun kula dhateng panjenengan ingkang sampun mbiyantu njagi anak kula nalika wonten peken,” pitakone Bu Nurul kanthi alus supaya ora nglarani atine Bu Umi.

“Saderengipun matur nuwun, ananging kula menika ikhlas mbiyantu panjenengan lan boten gadhah gegayuhan menapa-menapa,” ngendikane Bu Umi.

“Inggih Bu, ananging menika ugi kangge bebungah Ilham amargi sampun dados juwara setunggal ing sekolah menika.” Bu Nurul wis ngerti yen Ilham duwe prestasi kang apik lan dhuwur ing sekolah.

“Alhamdulillah, menawi kados mekaten, kula ngaturaken matur nuwun sanget awit bebungah menika, Bu,” wangsulane Bu Umi sinambi mbrebes mili.

“Kula ingkang kedahipun ngaturaken matur nuwun dhateng panjenengan,” ngendikane Bu Nurul.

“Inggih Bu, sami-sami,” Bu Umi lan Bu Nurul banjur salaman.

Bu Umi ora ngira yen tumindake sing kanggone ora sepira kuwi bisa diwales kanthi kaya mangkono. Bu Umi tansah percaya yen apa wae kang dilakoni ing donya iki mesti bakal diwales kaya sing ditindakake, kaya unen-unen: apa sing ditandur, ya kuwi sing bakal diundhuh.

Dening: Kusmira Dwi Ayuani/ <http://www.solopos.com/2013-02-04>

#### **Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. *Cerkak “Sing Nandur Bakal Ngundhuh” kalebet karangan menapa?*
2. *Saking cerkak kasebut, cobo dipunpadosi seselan lan tegesipun!*
3. *Cobo dipunpadosi homonim lan sinomin wonten salebeting cerkak!*

#### **H. Kunci Jawaban**

1. *Cerkak “Sing Nandur Bakal Ngundhuh” kalebet karangan narasi sugestif.*

#### **I. Pedoman Penilaian**

Nilai = jumlah skor keseluruhan.

Mengetahui,

Guru pamong

Mahasiswa

Herlinda Pranandari, S. Pd.

NIP 19821218 201001 2 011

Dinar Listina Rahmawati

NIM 12205244020

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

- Nama Sekolah : SMP Negeri 2 Mlati  
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas/Semester : VII/1  
Alokasi Waktu : 80 menit  
Standar Kompetensi : Memahami wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa.  
Kompetensi Dasar : Membaca geguritan tradisi gotong royong di lingkungan tempat tinggal.  
Indikator :
1. Siswa dapat membaca geguritan tentang gotong royong di lingkungan tempat tinggal dengan intonasi yang jelas.
  2. Siswa dapat membaca geguritan tentang gotong royong di lingkungan tempat tinggal dengan penghayatan, artikulasi, dan ekspresi yang tepat.

### A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran ini, diharapkan siswa dapat:

1. membaca geguritan tentang gotong royong di lingkungan tempat tinggal dengan intonasi yang jelas
2. membaca geguritan tentang gotong royong di lingkungan tempat tinggal dengan penghayatan yang tepat tentang gotong royong di lingkungan tempat tinggal dengan penghayatan, artikulasi, dan ekspresi yang tepat.

### B. Materi Pembelajaran

#### *Geguritan*

*Geguritan menika satunggaling karangan bebas ingkang wujudipun pada utawi bait (Jatirahayu, 2012: 39). Geguritan menika saking tembung “gurit” ingkang tegesipun seratan. Seratan ing geguritan menika mahiyakaken satunggaling karya sastra ingkang endah, ngemot wos utawi teges wonten ing salebeting geguritan kasebat. Geguritan menika boten wonten paugeranipun kadosta karya sastra sanes ingkang ginakaken guru gatra, guru wilangan, saha guru lagu. Geguritan menika mahiyakaken satunggaling kahanan saking panganggitipun, prakawis menika nedahaken seratan saking pengalaman pribadinipun ingkang sampun kalampahan utawi ingkang badhe kalampahan.*

Geguritan menika saged dipunmahiyakaken ngangge sarana seratan utawi swanten. Salah satunggaling inggih menika maos.

Maos geguritan menika salah satunggaling ketrampilan basa. Ananging maos menika wonten paugeranipun satemah saged dipunmirengaken kanthi permati. Paugeran menika wonten sakawan jinis, ingkang kawastan 4W, inggih menika:

**1. Wiraga** (ekspresi utawi solah bawa, patrap)

Obahing badan, sampun ngantos kaku, kedah luwes saha boten langkung anggenipun ngobahaken badan.

**2. Wirasa** (penghayatan)

Prakawis menika kangge bedakaken wosipun geguritan. Tuladhanipun kangge bedakaken isi geguritan sedhik, semangat, wibawa, gethun, seneng utawi bungah, saha sanesipun.

**3. Wicara** (artikulasi utawi pocapan)

Medalipun swanten saking tutuk menika kedah cetha, saged bedakaken swanten vokal a,i,u,è,é,ê,o,â, saha bedakaken swanten dha, da, saha ta, tha. Prakawis menika kedah cetha sadaya supados geguritan menika saged dipunmirengaken kanthi sae.

**4. Wirama** (intonasi utawi lagu)

Prakawis menika kedah dipungatosaken amargi menika gayut kaliyan swanten. Wirama menika gayut kaliyan minggah mandhapipun swanten. Swanten kedah wonten irama-nipun, banter, alon, cetha utawi samar, saha sanesipun.

**C. Metode Pembelajaran**

- Ceramah
- Praktik

**D. Langkah-Langkah Pembelajaran**

Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
<p><b>A. Kegiatan awal (pembukaan)</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Pembukaan: guru mengucapkan salam, memimpin berdoa dan melakukan presensi siswa.</li> <li>- Apersepsi: guru menanyakan kepada peserta didik “<i>kala minggu kapengker ngrembag utawi sinau bab menapa? Sinten ingkang taksih kemutan?</i>” dan memberikan</li> </ul>	15 menit

Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
<p>gambaran tentang materi selanjutnya.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Penyampaian tujuan pembelajaran.</li> </ul> <p><b>B. Kegiatan Inti</b></p> <p><b>Eksplorasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa membaca materi pembelajaran dalam <i>slide powerpoint</i>.</li> <li>- Belajar aktif: untuk meningkatkan keaktifan siswa, guru menugaskan siswa untuk membaca <i>geguritan</i> secara bergantian didepan kelas.</li> </ul> <p><b>Elaborasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa mendengarkan penjelasan guru tentang materi pelajaran yang disampaikan.</li> <li>- Siswa mendapat tugas dari guru untuk membaca <i>geguritan</i> dan menerapkan tata cara yang telah dijelaskan oleh guru.</li> </ul> <p><b>Konfirmasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa secara bergantian praktik didepan kelas.</li> <li>- Siswa lain menyimak, memberi nilai dengan aspek yang telah ditentukan, dan memberi saran.</li> </ul>	55 menit
<p><b>C. Kegiatan Penutup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru bersama dengan siswa menyampaikan kesimpulan pembelajaran.</li> <li>- Guru memberikan informasi materi yang akan datang.</li> </ul>	10 menit

## E. Media, Alat, dan Sumber Belajar

### 1. Media

- *Prezi*
- *LKS (pendamping materi)*
- *Lembar format penilaian untuk menilai*

### 2. Alat

- *Laptop*
- *LCD proyektor*

### 3. Sumber belajar

- Poerwadarminta. W. J. S. 1939. *Baoesastra DJawa*. J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Jatirahayu, Warih dan Suwarna. 2012. *Wasitatama 1*. Yogyakarta: Yudhistira.
- Suparyadi dkk. 2015. *Sembada (pendamping materi)*. Klaten: Kurniawan Jaya mandiri.

### F. Penilaian

1. Teknik penilaian  
Praktik
2. Bentuk *instrument*  
Tes lisan
3. *Instrumen*

Soal	Kriteria Penilaian	Skor
<i>Kawaosna geguritan ing ngandhap punika kanthi gatoskaken paugeran 4W wonten ing ngajeng kelas. Kanca sanesipun mbiji kancanipun ingkang majeng!</i> <b>Gotong Royong</b> <i>Araning sasi kang gilir gumanti, sasi Agustus samsaya nyaketi, nggugah nalar mbukak ati, eling nalika nggayuh kamardikan RI, ya mung gotong royong, saiyeg saeka kapti, Mula tumrap para mudha taruna, kudu duwe greget bela negara, kanthi sengkud gotong royong, gotong royong bela negara, gotong royong nylametke bangsa, gotong royong nguri-uri budaya, gotong royong njejegake agama.</i>	<i>Wicara</i>	25
	<i>Wirama</i>	25
	<i>Wirasa</i>	25
	<i>Wiraga</i>	25
Skor maksimal		100

## **G. Soal**

*Kawaosna geguritan ing ngandhap punika kanthi gatoskaken paugeran 4W wonten ing ngajeng kelas. Kanca sanesipun mbiji kancanipun ingkang majeng!*

### **Gotong Royong**

*Araning sasi kang gilir gumanti,  
sasi Agustus samsaya nyaketi,  
nggugah nalar mbukak ati,  
eling nalika nggayuh kamardikan RI,  
ya mung gotong royong, saiyeg saeka kapti,  
Mula tumrap para mudha taruna,  
kudu duwe greget bela negara,  
kanthi sengkud gotong royong,  
gotong royong bela negara,  
gotong royong nylametke bangsa,  
gotong royong nguri-uri budaya,  
gotong royong njejegake agama.*

*Dening Toni Ammar kapethik saking buku Jatirahayu, Warih dan Suwarna. 2012. Wasitatama 1. Yogyakarta: Yudhistira.*

## **H. Pedoman Penilaian**

Nilai = jumlah skor yang diperoleh.

## **I. Kunci Jawaban**

*Penilaian gumantung kaliyan pamanggih peserta didik piyambak anggenipun mbiji kancanipun. Penilaian menika gatosaken kancanipun maos kadospundi wirasa, wiraga, wirama, saha wicaranipun.*

**J. Rubik Penilaian Praktik**

No.	Nama Siswa	Wicara	Wiraga	Wirasa	Wirama	Keterangan	Jumlah
		25	25	25	25		100

Mengetahui,

Guru pamong

Mahasiswa

Herlinda Pranandari, S. Pd.  
NIP 19821218 201001 2 011

Dinar Listina Rahmawati  
NIM 12205244020

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

- Nama Sekolah : SMP N 2 Mlati
- Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
- Kelas/ Semester : VII / Gasal
- Alokasi Waktu : 80 menit
- Standar Kompetensi : Mengungkapkan gagasan wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa.
- Kompetensi Dasar : Menulis cerita atau pengalaman bergotong royong di lingkungan tempat tinggal atau lingkungan sekolah dalam bentuk *geguritan*.
- Indikator :
1. Siswa dapat membuat *geguritan* sederhana dengan tema gotong royong.
  2. Siswa dapat mengidentifikasi *purwakanthi* dalam *geguritan*.

### A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran ini, diharapkan siswa dapat

1. membuat *geguritan* sederhana yang bertema gotong royong.
2. mengidentifikasi *purwakanthi* dalam *geguritan*.

### B. Materi Pembelajaran

#### *Geguritan*

*Geguritan menika satunggaling karangan bebas ingkang wujudipun pada utawi bait (Jatirahayu, 2012: 39). Geguritan menika saking tembung “gurit” ingkang tegesipun seratan. Seratan ing geguritan menika mahiyakaken satunggaling karya sastra ingkang endah, ngemot wos utawi teges wonten ing salebeting geguritan kasebat. Geguritan menika salah satunggaling kasustrasan Jawi enggal. Geguritan menika boten wonten paugeranipun ingkang gumathok kadosta karya sastra sanes ingkang ginakaken guru gatra, guru wilangan, saha guru lagu. Geguritan menika mahiyakaken satunggaling kahanan saking panganggitipun, perkawis menika nedahaken seratan saking pengalaman pribadinipun ingkang sampun kalampahan utawi ingkang badhe kalampahan.*

*Gotong royong inggih menika kerja sesarengan kaliyan sedaya masyarakat ingkang ginanipun kangge kapentingan sesarengan utawi masyarakat. Gotong royong menika namung sambatan, sukarela boten wonten opahipun. Gotong royong menika tuladhanipun kadosta kerja bakti ngresiki dhusun, gotong royong mbangun margi, gotong royong mbangun satunggaling griya, lan sapanunggalanipun.*

*Geguritan nalika nyerat menika kedah gatosaken paugeran-paugeran supados seratan menika saged karacik sae saha endah satemah tiyang ingkang maos menika saged mangretos tegesipun utawi wos saking geguritan kasebat. Nalika nyerat menika kedah gatosaken ingkang kasebat purwakanthi. Purwakanthi inggih menika tibanipun swanten ingkang sami (Jatirahayu, 2012: 42). Purwakanthi menika nggandheng tembung ing wiwitan saha wingkingiun supados swantenipun sami. Miturut Jatirahayu, (2012: 42), purwakanthi menika wonten tigang jinis, inggih menika purwakanthi swara, purwakanthi sastra, saha purwakanthi basa utawi lumaksita.*

**1. Purwakanthi swara**, mapanipun swanten vokal wonten ing pungkasaning tembung ingkang kagandheng kaliyan tembung ing sangajengipun (pengulangan vokal).

*Tuladha:*

- a. Awan, datan, migunakaken purwakanthi swanten a
- b. Segå, kånçå, migunakaken purwakanthi swanten å
- c. Sekti, siji, migunakaken purwakanthi swanten i
- d. Ngelmu, lugu, migunakaken purwakanthi swanten u
- e. Dhuwé, dhéwé, migunakaken purwakanthi swanten é
- f. Reged, sepet, migunakake purwakanthi swanten e
- g. Kesèd, kèsèd, migunakaken purwakanthi swanten è
- h. Bodho, kebo, migunakaken purwakanthi swanten o

**2. Purwakanthi sastra**, mapanipun swanten konsonan wonten ing pungkasaning tembung ingkang kagandheng kaliyan tembung ing sangajengipun (pengulangan konsonan). Purwakanthi basa menika saged mapan wonten ing pundi kemawon, saged mapan wonten ing ngajeng, madya utawi tengah, saha wonten ing pungkasaning tembung.

*Tuladha:*

- a. Bibit, bebet, bobot, migunakaken purwakanthi sastra b (wiwitan tembung)
- b. Adigang, adigung, adiguna, migunakaken purwakanthi sastra g (tengahing tembung)
- c. Teteg, tatag, tanggon, migunakaken purwakanthi sastra t (wiwitan tembung)
- d. Hikmah, berkah, malimpah, migunakaken purwakanthi sastra h (pungkasaning tembung)

3. *Purwakanthi basa*, purwakanthi menika tegesipun ambalan saking tembung (pengulangan kata). Purwakanthi basa menika tegesipun namung niru tembung saderengipun. Purwakanthi basa saged kawastan lumaksita.

Tuladha :

a. Murid iku kudu **pinter, pinter** ing sembarange

*Purwakanthi basa, tembung pinter*

b. Guru iku digugu lan **ditiru, ditiru** marang muride

*Purwakanthi basa, tembung ditiru*

Tuladha geguritan ingkang ngangge purwakanthi :

### **Gotong Royong**

Ayo....

para **kanca, kanca** kang bagya **mulya**

kadang wreda lan taruna uga aja **lena**,

Hawa kang adhem aja kok gawe **rasa**,

Makarya bebarengan kanggo rejaning bebrayan,

Ati kudu nyawiji,

Tekad saiyeg saeka kapti,

Dimen lingkungan katon resik lan asri,

Negara **tata titi tentrem**

Ijo royo-royo ndadekake resep yen dinulu

Segering hawa iku

Marga lingkungan kang tumata,

Pakaryan kang abot datan karasa

Menawa ditindakake bareng lan kanca

Nanging,

Siji kang kudu dieling,

Sedya lan niat kudu sing suci

Yen tumandang kanthi tulusing ati

Gantinen rasa nggresula dadi suka

Iku lantaran dadi **reja**

Tindakna ing saben **mangsa**

Supaya desane katon **tumata**

Temahan dadi raharjaning **sasama**

Kapethik saking: TIM MGMP. 2015. *Sembada*. Klaten: UD. Kurniawan Jaya Mandiri. *Kanthi ewah-ewahan sawetawis*.

Identifikasi-nipun *purwakanthi saking geguritan ing nginggil*

a. *Purwakanthi swara inggih menika mulya, lena, rasa, saha reja, mangsa, tumata, sasama*

b. *Purwakanthi sastra inggih menika tata, titi, tentrem (purwakanthi /t/)*

c. *Purwakanthi basa utawi lumaksita inggih menika “para kanca, kanca kang bagya mulya”.*

*Purwakanthinipun tembung kanca*

### C. Metode Pembelajaran

- Ceramah
- Resitasi

### D. Langkah-Langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
<p><b>A. Kegiatan awal (pembukaan)</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>- Pembukaan: guru mengucapkan salam, dan melakukan presensi siswa.</li><li>- Apersepsi: guru menanyakan kepada peserta didik “<i>kala minggu kapengker ngrembag utawi sinau bab menapa? Sinten ingkang taksih kemutan?</i>” dan memberikan gambaran tentang materi selanjutnya.</li><li>- Penyampaian tujuan pembelajaran.</li></ul>	15 menit
<p><b>B. Kegiatan Inti</b></p> <p><b>Eksplorasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>- Siswa membaca materi pembelajaran dalam LKS maupun dalam <i>slide powerpoint</i>.</li><li>- Belajar aktif: untuk meningkatkan keaktifan siswa, guru menugaskan siswa untuk mengidentifikasi <i>purwakanthi</i> dalam <i>geguritan</i> gotong royong dalam LKS dan membuat <i>geguritan</i> dengan tema gotong royong.</li></ul> <p><b>Elaborasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>- Siswa mendengarkan penjelasan guru tentang materi pelajaran yang disampaikan.</li><li>- Siswa mendapat tugas dari guru untuk mengidentifikasi <i>purwakanthi geguritan</i> dan membuat <i>geguritan</i> dengan tema gotong royong.</li></ul>	

Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
<p><b>Konfirmasi</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru dan siswa secara bersamaan mengidentifikasi <i>purwakanthi geguritan</i>.</li> <li>- Siswa membuat geguritan dengan tema gotong royong.</li> </ul>	55 menit
<p><b>C. Kegiatan Penutup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru bersama dengan siswa menyampaikan kesimpulan pembelajaran.</li> <li>- Guru memberikan informasi materi yang akan datang.</li> </ul>	10 menit

## E. Media, Alat, dan Sumber Pembelajaran

### 1. Media Pembelajaran

- *Powerpoint* untuk menjelaskan materi kepada siswa.

### 2. Alat Pembelajaran

- *LCD Proyektor*
- *Laptop*

### 3. Sumber Pembelajaran

- Jatirahayu, Warih dan Suwarna. 2012. *Wasitatama 2*. Yogyakarta: Yudhistira.
- Jatirahayu, Warih. 2004. *Manca Warna Kawruh Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: CV. Grafika Indah.
- Marsono, dkk. 2010. *Kaloka Basa 1 kangge Kelas VII SMP lan MTs*. Surakarta: Bios Offset.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Ahmadi, S. Pd, dkk. 2010. *Sembada Basa Jawa Kelas 7*. Klaten: UD. Kurniawan Jaya Mandiri.

## F. Penilaian

1. Teknik Penilaian
  - a. Tes tertulis
  - b. Penugasan
2. Bentuk Instrumen
  - Uraian

### 3. Instrumen

<b>Indikator</b>	<b>Butir Soal</b>	<b>Kriteria Penilaian</b>	<b>Skor Maksimal</b>
1. Peserta didik dapat membuat <i>geguritan</i> sederhana yang bertema gotong royong.	1. Kanthi tema gotong-royong, kadamelna geguritan sederhana!	- Ketepatan jawaban (3) - Ejaan (2)	5
2. Peserta didik dapat mengidentifikasi <i>purwakanthi</i> dalam <i>geguritan</i> .	2. Kapadosna purwakanthi saking geguritan ingkang sampun kadamel!		5
Jumlah			10

### G. Soal

1. Kanthi tema gotong-royong, kadamelna geguritan sederhana!
2. Kapadosna purwakanthi saking geguritan ingkang sampun kadamel!

### H. Pedoman Penilaian

Penghitungan nilai Akhir :  $\frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor Maksimum}} \times 100$

## I. Kunci Jawaban

<b>Contoh Jawaban 1</b>
<b>Bersih Desa</b> Para warga desa kang raharja Ayo padha seduluran karo sesama Nyawiji ing tekad, tekad kang mulya Makarya kanthi jiwa raga  Bersih desa supaya lestari Kudu gemi, nastiti, ngati-ati Lumantar tulusing ati Supaya alam tetep resik lan asri
<b>Contoh Jawaban 2</b>
<i>Purwakanthi saking geguritan ing nginggil</i> <i>a. Purwakanthi swara inggih menika <b>raharja, sesama, mulya, raga saha lestari, ngati-ati, ati, asri</b></i> <i>b. Purwakanthi sastra inggih menika <b>gemi, nastiti, ngati-ati</b> (purwakanthi /i/)</i> <i>c. Purwakanthi basa utawi lumaksita inggih menika “Nyawiji ing <b>tekad, tekad</b> kang mulya”. Purwakanthinipun tembung <b>tekad</b></i>

Mengetahui,  
Guru pamong

Mahasiswa

Herlinda Pranandari, S. Pd.  
NIP 19821218 201001 2 011

Dinar Listina Rahmawati  
NIM 12205244020

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

- Nama Sekolah : SMP Negeri 2 Mlati  
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas/Semester : VIII/1  
Alokasi Waktu : 80 menit  
Standar Kompetensi : Mengungkapkan gagasan wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa.  
Kompetensi Dasar : Menulis karya sastra prosa  
Indikator :
1. Siswa dapat mencari *seselan* dan artinya dalam karangan.
  2. Siswa dapat menyebutkan homonim dan sinomin (*dasanama*) dalam karangan.
  3. Siswa dapat membuat karangan berbahasa Jawa.

### A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti pembelajaran ini, diharapkan siswa dapat:

1. mencari *seselan* dan artinya dalam karangan
2. menyebutkan homonim dan sinomin (*dasanama*) dalam karangan
3. membuat karangan berbahasa Jawa.

### B. Materi Pembelajaran

#### Ngarang

*Ngarang inggih menika kegiatan nyusun tembung, ukara, lan alenia kangge jabaraken topik lan tema tartemtu kangge ngasilaken karya arupi karangan. Ngarang menika boten uwal saking paramasastra lan kawruh basa. Paramasastra inggih menika ngelmu ingkang nyinau bab aksara, wanda, tembung, lan ukara. Wonten ing salebeting paramasastra menika wonten 3, wantawisipun:*

#### 1. *pamilihing tembung*

*Pamilihing tembung piyambak wonten tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, tembung tanduk, tembung tanggap, lan ayahanipun tembung.*

#### 2. *silah-silahing tembung*

#### 3. *silah-silahing ukara*

*Tembung andhahan menika tembung ingkang sampun ewah saking tembung dhasaripun amargi sampun kawuwuhi imbuhan. Pangrimbage tembung lingga utawi dhasaring tembung dados tembung andhahan menika kanthi nuwuhaken:*

#### 1. *Ater-ater: ater-ater hanuswara, ater-ater tripurasa.*

## 2. *Seselan*

*Seselan menika wonten ing tengah dhasaring tembung. Wujud seselan wonten ing salebeting basa Jawi wonten 4, menika er, el, um, lan in.*

*Tuladhanipun:*

<i>gandhul + -er-</i>	<i>= gerandhul</i>
<i>klip + -er-</i>	<i>= kerelip</i>
<i>sliri + -el-</i>	<i>= seliri</i>
<i>siwer + -el-</i>	<i>= seliwer</i>
<i>tandang + -um-</i>	<i>= tumandang</i>
<i>tindak + -um-</i>	<i>= tumindak</i>
<i>tulis + -in-</i>	<i>= tinulis</i>
<i>junjung + -in-</i>	<i>= jinunjung</i>

## 3. *Panambang*

*Kawruh basa wonten ing salebeting ngarang ugi perlu, kadosta:*

- 1) pamilihing basa miturut unggah-ungguhipun*
- 2) tembung ngoko, krama madya, krama inggil*
- 3) tembung homonim*
- 4) tembung dasanama (sinonim)*
- 5) tembung kosok balen (antonim)*
- 6) tembung ekanama (homograf)*
- 7) tembung saroja*
- 8) tembung garba*
- 9) tembung entar*
- 10) kereta basa*
- 11) rurabasa*

*Tembung homonim inggih menika tembung ingkang sami pocapanipun, sami tulisanipun, nanging beda teges, amargi asaling tembung ingkang beda.*

*Tuladhanipun:*

### *1) Asma*

*Tegesipun saged jeneng, nama ugi saged jinishing penyakit napas/mengi.*

### *2) Beton*

*Tegesipun saged isi angka ugi saged cor-coran semen, watu, krikil, lan gesik.*

### *3) Sepet*

*Tegesipun saged aran raos ugi saged kulit klapa.*

*Tembung dasanama utawi sinonim inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang wujud lan tulisanipun beda, pocapanipun beda ananging gadhah teges ingkang sami.*

*Tuladhanipun:*

1) *Lara*

*Dasanamanipun gerah, gering, roga, sakit*

2) *Omah*

*Dasanamanipun graha, panti, wisma, yasa*

3) *Slamet*

*Dasanamanipun basuki, raharja, rahayu, swasta, yuwana, widada.*

